**दिन–शनिवार** **दिनांक–01.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक सातम आओर अंतिम चरण मे राज्यक आठ संसदीय क्षेत्र–नालंदा, पटना साहिब, पाटलिपुत्र, आरा, बक्सर, सासाराम, काराकाट आओर जहानबाद मे कड़गर सुरक्षा व्यवस्थाक बीच शांतिपूर्वक मतदान संपन्न भऽ गेल। निर्वाचन आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार सांझ पाँच बजे धरि सभ सँ बेसी पाटलिपुत्र लोकसभा क्षेत्र मे छप्पन दशमलव आठ छओ प्रतिशत मतदान भेल अछि। काराकाट मे उनचास दशमलव एक छओ प्रतिशत, बक्सर में बावन दशमलव दू नओ प्रतिशत, सासाराम मे अड़तालीस दशमलव आठ छओ प्रतिशत, जहानाबाद मे पचास दशमवल दू तीन प्रतिशत, आरा मे छियालीस दशमलव चारि नओ प्रतिशत, नालंदा मे पैंतालीस दशमलव एक नओ प्रतिशत आओर पटनासाहिब मे तैंतालीस दशमलव चारि शून्य प्रतिशत मतदान भेल अछि। सुरक्षा के देखैत सासाराम लोकसभा क्षेत्रक चैनपुरा विधानसभाक छियालीस आओर चेनारी विधानसभा क्षेत्रक पचीस बूथ पर सांझ चारि बजे धरि भोट खसाओल गेल। ओतहि, काराकाट लोकसभा क्षेत्रक गोह विधानसभाक अड़तालीस केन्द्र आओर नवीनगर विधानसभा क्षेत्रक चौबीस बूथ पर सांझ पाँच बजे धरि भोट खसाओल गेल। आनो–आन क्षेत्र मे भोट सांझ छओ बजे धरि खसाओल गेल।

---

एम्हर, अगिआंव विधानसभा उपचुनाव मे आइ सेहो भोट खसाओल गेल। चुनाव आयोग सँ भेटल जनतबक अनुसार ई क्षेत्र मे चौवालीस दशमलव चारि शून्य प्रतिशत मतदान पाँच बजे धरि भेल अछि। अगिआंव विधानसभा उपचुनाव लेल नओ उम्मीदवार सभ चुनावी मैदान मे छथि। एनडीए सँ जदयूक प्रभुनाथ प्रसाद आओर भाकपा मालेक शिवप्रकाश रंजनक बीच मुख्य मोकाबला देखल जा रहल अछि। ध्यातव्य अछि जे अगिआंव विधानसभा क्षेत्र सँ भाकपा माले विधायक मनोज मंजिल के हत्याक एक मामिल मे सजा सुनाओल गेलाक बाद हुनक विधानसभा सदस्यता समाप्त भऽ गेल छल। एकर बाद ई क्षेत्र मे उपचुनाव मे उम्मीद सभक भाग्यक निर्णय ईवीएम मे सील भऽ गेल।

---

हमर संवाददाता सभ जनौलनि अछि जे कड़गर रौद आओर उमस भरल गरमीक बीच में मतदात सभक बीच मतदान के लऽकऽ विशेष चहल–पहल देखल गेल। कतेको संसदीय क्षेत्र मे सभ आयु वर्गक मतदाता आओर पहिल बेर भोट देबयवला युवा सभक नम्हर–नम्हर कतार देखल गेल। कतेको युवा मतदाता सभ मतदान केन्द्र पर बनाओल गेल सेल्फी प्वाइंट पर अपन फोटो लऽकऽ सोशल मीडिया पर सेहो अपलोड करैत देखल गेलाह। संगहि, आदर्श मतदान केन्द्र आओर पिंक बूथ सभ पर सेहो मतदाता सभक बीच खास उत्साह, उमंग देखल गेल।

---

लोकसभा चुनावक सातम आओर अंतिम चरणक मतदान लेल आठ सीट पर बारह महिला सहित एक सय चौंतीस उम्मीदवार सभ चुनावी मैदान मे छथि। नालंदा सीट पर सभ सँ बेसी उनतीस उम्मीदवार सभ चुनावी मैदान मे छथि। ओतहि, पाटलिपुत्र सँ बाईस, पटना साहिब सँ सतरह, जहानाबाद मे पन्द्रह, आरा आओर बक्सर मे चौदह–चौदह, काराकाट मे तेरह आओर सासाराम मे दस उम्मीदवारक चुनावी प्रतिष्ठ दाव पर अछि। बहुजन समाज पार्टी सँ सभ सँ बेसी आठ प्रत्याशी चुनावी मैदान मे छथि। ओतहि, भाजपा सँ पाँच, राष्ट्रीय लोक मोर्चाक एक आओर जदयूक दू उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। राजदक तीन, कांग्रेसक दू आओर भाकपा मालेक तीन उम्मीदवार चुनावी मैदान मे छथि। प्रमुख उम्मीदवार मे एक वर्तमान केन्द्रीय मंत्री आर. के. सिंह आओर तीन पूर्व केन्द्रीय मंत्री रविशंकर प्रसाद, उपेन्द्र कुशवाहा आओर रामकृपाल यादव छथि। संगहि, राजदक मीसा भारती, सुधाकर सिंह, सुरेन्द्र यादव आओर भाकपा मालेक सुदामा प्रसादक भाग्यक निर्णय एहि चरण मे मतपेटी मे सील भऽ गेल।

---

सभ चरणक मतगणना चारि जून कऽ होयत। एहि सँ पहिने सातम चरणक भोट खसेलाक बाद आइ सांझ कतेको समाचार एजेंसी, चैनल आओर सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म द्वारा एग्जिट पोलक आंकड़ा देखाओल जायत। ध्यातव्य अछि जे अखन एग्जिट पोलक आंकड़ा पर भरोसा थोड़ेक बढ़ल अछि।

————————————————————————————

शिक्षा विभाग बीपीएससी द्वारा उच्च माध्यमिक विद्यालय सभ में नियुक्ति लेल लेल जायवला परीक्षा मे अतिथि शिक्षक सभ के अनुभवक लाभ देबाक निर्णयक कयलक अछि। विभाग जनौलक अछि जे अतिथि शिक्षक सभ के हरेक वर्षक सेवा लेल पाँच अंकक लाभ देल जायत जे अधिकतम पचीस अंक होयत।

————————————————————————————

प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम आओर दक्षिण–पूर्वी क्षेत्र में भीषण गर्मी परि रहल अछि। ई क्षेत्र मे भोजपुर, बक्सर, रोहतास, भभूआ, औरंगाबाद आओर गया सहित कतेको जिला मे अधिकतम पारा बियालीस डिग्री सेल्सियस भऽ गेल अछि। ओतहि, आद्रता बेसी भेला सँ लोकसभ उमस भरल गर्मीक सोझा कऽ रहल छथि। एम्हर, पटना, नालंदा, लखीसराय आओर शेखपुरा सहित राज्यक दक्षिण–मध्य क्षेत्र मे आइ अधिकतम तापमान एक सँ दू डिग्री सेल्सियस कम भेला सँ गर्मी सँ थोड़ेक राहत भेटत अछि। मौसम विभाग जनौलक अछि जे राज्यक उत्तर–पश्चिम आओर उत्तर–पूर्वी क्षेत्र मे कतेको ठाम अगिला चौबीस घंटाक बीच हल्लूक वर्षा भऽ सकैत अछि।

————————————————————————————

समाप्त भेल।